



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE DEZYÈM FAZ INISYATIV 1.4 MILYA DOLA VITAL
BROOKLYN LAN**

***Piblikasyon RFP pou 100% Lojman Abòdab pral Fè Vanse Angajman Eta a pran
pou Konstwi 3,000 Inite Lojman Abòdab nan Brooklyn Santral***

***L ap Fè Vanse Espas Lib ak Lwazi Enpòtan yo, Aliman Sen, Edikasyon,
Responsabilizasyon Ekonomik, Prevansyon Vyolans, Swen Sante,
ak Inisyativ Rezistans ki Baze sou Efò Planifikasyon Solid***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri etap enpòtan ak lansman dezyèm faz inisyativ inovatè Vital Brooklyn lan, sa k ap transfòme rejyon Brooklyn Santral la lè yo abòde pwoblèm disparite sosyal, ekonomik, ak sante yo.

Gouvènè a te anonse senk Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou konstwi plis pase 2,000 kay abòdab sou pasèl tè ki sou kontwòl eta a yo oswa Lopital Inivèsité Brookdale la posede yo, ak Sant Devlopmanal Brooklyn (Brooklyn Developmental Center) piblik eta a. Solisitasyon sa yo pral fè vanse angajman 563 milyon dola inisyativ Vital Brooklyn lan pran pou konstwi 3,000 inite lojman abòdab nan Brooklyn Santral. Anplis de sa a, Gouvènè a te anonse yon seri prim ak RFP pou amelyore aksè a espas lib, lwazi ak aliman sen; agrandi edikasyon ak inisyativ responsabilizasyon ekonomik yo; amelyore prevansyon vyolans kominotè; ak amelyore rezistans.

“Chak Nouyòkè merite gen menm aksè a swen sante, bon kalite lojman, espas lwazi anplennè, ak opòtinite pou yo touche yon salè konvenab pou yon jounen travay onèt, men pandan twò lontan Brooklyn Santral te manke resevwa atansyon ak investisman yo bezwen pou bay rezidan yo ekite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lansman dezyèm faz la ap ajoute sou pwogrè ki te deja fèt la lè nou kontinye investi nan inisyativ entegral Vital Brooklyn lan pou asire yo ofri fanm ak gason yo opòtinite ekitab pou lojman anndan kominote an ekspansyon an, pandan New York ap travay pou transfòme rejyon an pou l vin yon meyè Brooklyn, ki pi briyan pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Piblikasyon senk RFP pou lojman abòdab yo ak lòt pwogram yo te anonse jodi a yo swiv prim 664 milyon dola Gouvènè a bay nan finansman pou kreye yon sistèm swen sante dirab k ap agrandi aksè ak transfòme swen toupatou atravè Brooklyn Santral. Investisman sible sa yo—yo te anonse an Janvyè a—pral ranfòse etablisman swen sante

onivo lokal yo pou konble eka aktyèl yo ak ogmante sèvis yo; transfòme sistèm sante a lè yo ogmante aksè a bon jan kalite sèvis ak swen prevantif; epi devlope yon rezo swen anbilatwa ki gen 32 sit ki pral gen ladan patenarya yo pral fè ak pwofesyonèl swen sante ki deja baze nan kominote yo.

Gouvènè a te lanse inisyativ Vital Brooklyn lan nan prentan 2017 la, sa k ap prezante kominote a yon bann seri opsyon pou yo kreye yon nouvo modèl pou devlopman ak byenèt kominotè. Apresa, Gouvènè a te mete chak Manm Asanble Brooklyn Santral responsab pou yo konvoke yon Konsèy Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Council) k ap gen ladan lidè kominote yo, espesyalis lokal yo, defansè yo, ak lòt pati prenan yo pou yo evalye opsyon sa yo— epi pou yo konsidere bezwen inik ak opòtinite distri a yo. Senatè Eta a ki reprezante kèk pati nan Brooklyn Santral la yo te angaje aktivman nan pwosesis la tou. Pandan plizyè semèn, Konsèy Konsiltatif Kominotè a te reyini nan kominote a pou yo patisipe nan diskisyon santre avèk ajans eta a yo, sa k ap responsabilize kominote pou yo pwograme ak dirije resous eta angaje yo. Depi lansman inisyativ la, gen 25 reyinyon kominotè ki te fèt ki te reyini prèske 100 pati prenan kominotè kle yo ansanm. Anons jodi a te devlope atravè ak enfòmè apati de efò planifikasyon kominotè sa a.

Zòn Brooklyn Santral la se youn nan zòn ki pi defavorize nan tout Eta New York la, avèk to obèzite, dyabèt, ak tansyon ki sansibman pi elve, aksè limite a pwodwi alimantè nourisan oswa opòtinite pou fè aktivite fizik, to elve nan vyolans ak krim, gran inegalite ekonomik akoz chomaj, ak to nivo povrete elve, ak aksè inadekwat a bon jan kalite sèvis swen sante ak sèvis pou sante mante.

Lojman Abòdab

Kreye plis pase 2,000 inite lojman abòdab nan senk sit lopital yo pa itilize ase yo

An konsiltasyon ak kowòdinasyon Konsèy Konsiltatif Kominotè a, Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes ak Community Renewal, HCR) Eta New York la ap pibliye yon [Demann pou Pwozisyon](#) pou kat nan senk sit Vital Brooklyn lan yo nan premyè faz inisyativ lojman Brooklyn Santral la. Dekonsè ak HCR, Empire State Development Eta New York la (New York State Empire State Development) ap pibliye yon Demann pou Pwozisyon pou senkyèm sit la. Devlopman sa yo ansanm pral kreye plis pase 2,000 kay abòdab, sa k ap fè vanse objektif inisyativ 563 milyon dola pou kreye 3,000 inite lojman abòdab.

Yo pral devlope Inite lojman RFP yo anonse jodi a yo te kouvri yo nan sit ki sou kontwòl eta ak lopital yo ki gen ladan twa sit ki sou tèren Lopital Entèrelijyon Eta New York la posede a; lòt Lopital ak Sant Medikal Inivèsite Brookdale la (Brookdale University Hospital and Medical Center); ak youn ki sitiye sou propriyete Sant Devlopmanal Brooklyn lan. Chak lokalite yo pral gen yon nouvo sant swen anbilatwa a, ki fè pati 32 sant y ap fè vanse atravè investisman 664 milyon dola eta ap fè nan transfòmasyon swen sante a.

HCR ap mande pou pwopozisyon yo enkòpore lòt eleman k ap benefisye kominote ozalantou a, ki gen ladan etablisman magazen ak/oswa etablisman kominotè yo, pratik bilding vèt, ak enstalasyon ki oryante anvè sante ak byenèt tankou espas lib yo. Delè pou pwopozisyon yo se 13 Jiyè 2018.

An ete 2018, HCR pral solisite pwopozisyon pou sit devlopman adisyonèl eta ak lopital yo posede ki a izaj mikis yo, lojman abòdab ki entegre espas lib, ofri espas abòdab pou òganizasyon kominotè yo, epi enspire yon mòd vi aktif, ki sen. Anplis de sa a, an repons a demann kominote a te fè pou edikasyon ak sipò nan prezèvasyon lojman sanitè a, HCR pral lanse tou yon pwogram prezèvasyon mezon sen, ki pral gen efè sou plis pase 500 kay.

Espas Ouvè ak Lwazi

Patenarya ak Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service) ak Vil New York la pral ouvri Pak ki pi nouvo ak pi gran nan Vil New York la: Nan Diskou Eta Leta 2018 la, Gouvènè Cuomo te anonse yon patenarya ant Sèvis Pak Nasyonal la ak Vil New York pou yo tabli yon nouvo pak eta k ap mezire 164 ekta sou Jamaica Bay nan Brooklyn, pou ofri aksè a yon nouvo espas lib enpòtan nan youn nan zòn ki pi defavorize nan eta a yo. Nan premye Faz la, Eta a pral investi jiska 15 milyon dola pou ouvri pwopriyete a, sa k ap mete 5.6 kilomèt rivaj dlo a dispozisyon piblik la, plizyè kilomèt apre kilomèt chemen ak santye, ak yon mòn sou bò lanmè a, kote yo ap plante plizyè espès plant natif natal. Nouvo pak eta sa a ap konpleman te efè eta a ap fè pou konstwi oswa amelyore ti pak, jaden kominotè, lakou rekreyasyon ak sant rekreyatif ki a yon distans dis minit de mach pou tout rezidan zòn Brooklyn Santral la yo.

10.6 milyon dola pou transfòme 8 lakou lekòl pou yo vin tounen lakou rekreyasyon kominotè ak espas lib: Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), an patenarya ak The Trust for Public Land, ap transfòme 8 lakou lekòl ki asfalte pou yo vin tounen lakou rekreyasyon dinamik ak espas rasanbleman kominotè, sa k ap ajoute nouvèl opòtinite rekreyatif toupatou atravè Brooklyn Santral. Yo pral deziyen lakou rekreyasyon kominotè yo prevwa k ap fini apati 2020 yo atravè yon pwosesis patisipatif k ap angaje elèv ak fanmi ki asosye ak chak lekòl yo. Konstriksyon premye lakou rekreyasyon an ki sitiye nan PS 581 nan Winthrop Street deja ankou epi yo pwograme pou l fini nan fen ane sa a.

3.1 milyon dola pou transfòme prèkse de douzèn jaden kominotè: Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la pral akòde sibvansyon pou finanse amelyorasyon kapital enpòtan yo, tankou dlo sou plas, pou 22 jaden kominotè atravè Brooklyn Santral yo, pou jaden yo ka ogmante kapasite epi pi byen ekipe pou yo sèvi kominote lokal yo. Amelyorasyon yo pral kòmanse nan prentan 2018 la, epi y ap fini apati 2020.

1.8 milyon dola pou amelyore 4 Sant Rekreyatif: Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la pral akòde sibvansyon nan mwa k ap vini la yo pou finanse amelyorasyon fizik nan kat sant rekreyatif lokal sa yo pou yo ka pi byen sèvi kominote yo: Madison Square Boys and Girls Club, Thomas Murphy Clubhouse, North Brooklyn/Twelve Towns YMCA, Bedford Stuyvesant YMCA, ak Flatbush YMCA.

Pwodwi Alimantè Nourisan

500,000 dola pou Pwogram Sibvansyon Mache Mobil la (Mobile Market Grant Program): Inite aksè a sèvis alimantasyon mobil yo se mwayen enpòtan pou rive atenn sila ki souvan gen bezwen pwodwi alimantè frè, ki bon pou lasante yo. L ap plis fleksib ak mwen chè pou tabli mache mobil yo pase konstriksyon ak operasyon episri konplè

oswa nouvèl bank alimantè yo, epitou yo ka sèvi plizyè katye, epi pi byen rive atenn moun ki gen mobilite limite yo. Eta a ap lanse yon pwogram sibvansyon konpetitif pou finanse mache mobil adisyonèl nan Brooklyn Santral yo pou ede asire yo amelyore aksè a pwodwi alimantè pou tout sitwayen nan zòn lan yo. Yo ankouraje òganizasyon san bi likratif ki elijib yo aplike atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la (New York State Grants Gateway): www.grantsgateway.ny.gov.

325,000 dola pou ouvri 12 mache agrikòl ki ap sou direksyon jèn yo: Kòmanse nan ane eskolè 2018-2019 la, an patenarya ak Grow NYC ak Federasyon Ini Anseyan yo (United Federation of Teachers), 12 lekòl kominotè nan Brooklyn Santral pral kòmanse anseye elèv yo kijan pou yo jere ak opere kyòsk agrikòl yo, sa k ap responsabilize yo ak konpetans antreprenarya epi ankouraje yo jwe yon wòl aktif nan sistèm pwodwi alimantè lokal yo. Nouvo pwèn daksè pou fwi ak legim frè sa yo pral ede rann pwodwi alimantè sen yo pi aksesib nan lokalite nan vil la kote ensekirite alimantè se pi gran pwoblèm sante kwonik ki gen rapò ak rejim alimantè yo ap pèsiste yo.

300,000 dola pou Pwogram Depistaj Pilòt sou Ensekirite Alimantè a (Food Insecurity Screening Pilot Program): An ete sa a, Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets) pral finanse yon Pwogram Depistaj Pilòt sou Ensekirite Alimantè anndan sistèm swen sante lokal la nan kad inisyativ Vital Brooklyn lan. Pwogram pilòt sa a, manm kominote yo te mande a, pral entegre evalyasyon sekirite alimantè nan sistèm sante a an jeneral lè yo tabli yon pwosesis kote yo depiste pou granmoun aje yo pou wè si yo gen ensekirite alimantè pandan vizit swen sante regilye yo, refere yo jan sa nesèsè a sèvis èd sou rejim ak nistrisyon epi sipòte yo ak avantaj adisyonèl pou rann fwi ak legim yo pi abòdab.

Devlopman Global nan Edikasyon ak Devlopman Jèn yo

1.2 milyon dola pou 8 nouvo lekòl kominotè: Bidjè Gouvènè a Pwomilge pou Ane 2018 la bay yon ogmantasyon 50 milyon dola pou fè finansman pou lekòl kominotè atravè tout eta a yo rive 150 milyon dola ototal. Yo pral itilize fon sa yo pou yo transfòme lekòl ki an fayit yo ak sa ki gen gran bezwen yo pou yo vin tounen lekòl kominotè epi ofri yo sèvis sipò ki inik pou chak lekòl epi ki reponn a bezwen endividyèl yo. Sèvis yo gendwa gen ladan yo swen medikal, swen dantè, pwogram avan ak apre lekòl, aktivite aprantisaj pandan ete yo, ak lòt sèvis sosyal ankò.

200,000 dola pou konstwi yon Resif Zwit Kominotè (Community Oyster Reef) ak agrandi Pwogram Etid Pwojè yon Milya Zwit la (Billion Oyster Project): Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation) pral akòde 200,000 dola pou Pwojè yon Milya Zwit la, ki se yon pwogram Fondasyon Pò New York la (NY Harbor Foundation), pou mennen sansibilizasyon nan lekòl kominotè Vital Brooklyn yo pou rekrute nouvo patnè nan pwogramasyon anndan sal klas pwogram syans ki baze sou lanati a yo. Avèk yon konsantrasyon sou istwa ak avni zwit yo gen nan Jamaica Bay ak Pò New York la, anseyan k ap patisipe yo pral resevwa fòmasyon sou bezwen ak pwosesis restorasyon zwit atravè kreyasyon ak kontwòl yon Estasyon Restorasyon Zwit avèk klas yo a. Yo pral entegre Estasyon Restorasyon Zwit la nan yon Resif Zwit Kominotè ke yo pral devlope ak enstale nan Pwogram yon Milya Zwit la nan Basen Paerdegat la nan Canarsie, sa k ap kreye yon lòt opòtinite aprantisaj pratik epi ankouraje yon lyen pi solid ant etidyan k ap patisipe yo.

50,000 dola investisman pou double Kò Restorasyon (Restoration Corps, R-Corps) Anplwa Dete pou Jèn Jamaica Bay a yo: Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la te akòde Sosyete Litoral Ameriken an (American Littoral Society) 50,000 dola pou yo agrandi Kò Restorasyon Jamaica Bay la pou yo ofri plis jèn arisk ki soti nan kominote Vital Brooklyn yo opòtinite anplwa pandan ete yo. Y ap peye R-Corps pou travay yo fè pandan ete a yo, ki se mennen pwojè amelyorasyon ak restorasyon kotyè yo, sa k ap ekspoze patisipan yo a potansyèl pou yo jwenn djòb nan sektè anviwonnmantal la. Eta a pral agrandi pwogram lan an ete sa a, sa k ap double kantite pòs travay ki disponib pou jèn ki enterese yo. Rekritman te kòmanse an Avril 2018.

Responsabilizasyon Ekonomik ak Kreyasyon Djòb

250,000 dola nan Sibvansyon pou Fòmasyon Pwofesyonèl ki Favorab a Anviwonman yo (Green Job Training Grants): Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la ap lanse yon pwogram sibvansyon konpetitif pou finanse pwogram fòmasyon pwofesyonèl ki favorab a anviwonman nan Brooklyn Santral la yo pou ede prepare rezidan yo pou nouvo opòtinite travay nan ekonomi pwòp, ak vèt ki an devlopman an. Yo ankouraje òganizasyon san bi likratif ki elijib yo aplike atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la: www.grantsgateway.ny.gov.

600,000 dola pou kontinye Efò san presedan Gwoup Travay sou Chomaj la (Unemployment Strikeforce Effort): Brooklyn Santral te wè anpil pwogrè nan kad koneksyon moun ki nan chomaj yo ak djòb depi Gouvènè a te aktive Gwoup Travay sou Chomaj la. Apre anons inisyativ Vital Brooklyn lan, Gouvènè a te tabli objektif pou anboche 7,500 moun nan katye Brooklyn Santral yo sible nan kad Vital Brooklyn lan yo. Depi lè li te pran angajman sa a mwens pase ennan pase, rezilta yo te lajman depase objektif yo te tabli a—yo te plase plis pase 30,000 moun nan zòn sible yo. Yo prevwa pwogrè sa ap kontinye pandan Depatman Travay la (Department of Labor) ap deplwaye resous Gwoup Travay sou Chomaj la toupatou atravè Brooklyn Santral, kòm repons a kòmantè kominote a te fè yo. Resous lokalize sa yo pral disponib jiska Desanm 2018.

Prevansyon Vyolans Kominotè

800,000 dola pou entegre Sèvis Sosyal ak Swen Sante nan Pwogram Sansibilizasyon nan Lari yo (Street Outreach Programs): Pwogram pilòt sa a pral amelyore efò pou anpeche ak reponn a vyolans zam yo lè yo konekte travayè sosyal yo ak pwogram rediksyon vyolans zam ki la deja yo, espesifikman sit SNUG/Cure Violence ki nan vil la yo, pou ogmante aksè a sèvis sosyal ak sante pou viktim krim yo, espesifikman jèn twomatize yo. Travayè sosyal sa yo pral ofri tou sipò ki enpòtan anpil pou anplwaye pwogram lan yo ak kliyan ki nan Brooklyn Santral twoma te afekte yo epi ki gen bezwen sosyal konplèks ki asosye ak vyolans ki enplike zam afe yo. Pwogram sa a nan pozisyon pou l fè yon diferans nan lavi sila yo vyolans zam te plis afekte yo lè yo eksplwate rezon sansibilizasyon lari aktyèl ki gen nan Vil New York la epi fè referans enpòtan a resous ki gen nan eta a yo.

500,000 dola pou ofri pwogramasyon pou jèn yo: Yo pral itilize finansman sa a pou konekte pwogram rediksyon vyolans ki la deja yo ak òganizasyon kominotè ki ofri pwogram andeyò lekòl yo pou jèn yo. Pwogram sa yo varye soti nan pwogram espòtif

tankou baskètbòl a minwi, rive nan sipò akademik, atizay kreyatif, ak ansèyman pwofesyonèl. Pwogram sa yo pral oryante anvè jèn ki gen ant 14 zan a 24 tran yo. Nan yon etid ki te fèt resaman, te gen plis pase 50,000 jèn nan Brooklyn - oswa apeprè 1 pami chak 6 jèn yo te swa lekòl oswa yo ap travay - an 2016. Angaje jèn nou yo pandan y ap tranzisyon anvè laj adilt ap ofri opòtinite siyifikativ pou yo devlope konesans ak konpetans nesèsè pou yo reyisi nan karyè yo alavni ak sou pakou edikasyon yo.

Rezistans

825,000 dola pou agrandi Pwogram Sansibilizasyon sou Enèji Pwòp ak Efikas yo (Outreach on Clean Energy and Efficiency Programs): NYSERDA te akòde Sant pou Katye Vil New York la yo (Center for New York City Neighborhoods) 825,000 dola pou ede fòje sansibilizasyon sou enèji pwòp epi konekte kominote defavorize yo ak opòtinite ki ka fe yo fè ekonomi. Nan kad kontra sa a, konseye enèji kominotè Sant lan yo pral travay ak rezidan yo, ti biznis yo, ak pwopriyetè bilding kolektif yo pou pèmèt yo pran desizyon byen enfòme sou enèji ak ogmante patisipasyon lokal nan pwogram ak sèvis efikasite enèji ak enèji renouvlab yo.

243,090 dola pou amelyore efikasite bilding yo: NYSERDA pral fè patenarya ak Patenarya Kominotè RiseBoro a (RiseBoro Community Partnership) ke yo te konn rele Konsèy Granmoun Aje Ridgewood Bushwick la (Ridgewood Bushwick Senior Citizens Council), ki se yon devlopè lojman abòdab, pou yo invest nan fòmasyon pou jesyonè imobilye yo ak anplwaye operasyon ak antretyen 130 bilding yo gen atravè Brooklyn Santral la yo, pami yo bilding Passive House yo ki trè trè efikas. Patenarya a gen ladan devlopman yon espas laboratwa fòmasyon sou plas ak kilti fòmasyon entèn yo.

1.1 milyon dola pou fè vanse Pwojè Mikwogrid Clarkson Avenue an (Clarkson Avenue Microgrid Project): Pwojè inovatè sa a pral konekte Lopital Konte Kings lan (Kings County Hospital), Sant Medikal SUNY Downstate la (SUNY Downstate Medical Center) ak Sant Sikyatri Kingsboro a (Kingsboro Psychiatric Center) avèk sous enèji rezistan pou alimantasyon sekou sou lèye. Li aktyèlman nan faz konsepsyon devlopman pwojè a, ke yo prevwa k ap fini avan fen ane 2018 la.

12 milyon dola pou devlope 19 Pwojè Kopwodiksyon (Cogeneration Projects): Pwojè Kopwodiksyon yo, ki se inite pwodiksyon elektrisite ak chofaj a ti echèl yo, ap benefisye ebèjè yo lè yo redwi depans enèji yo, bese degajman yo, epi ogmante rezistans lè yo ofri alimantasyon enèji sekou. NYSERDA pral ede devlope 19 pwojè kopwodiksyon yo apati 2020 nan Brooklyn Santral.

8.8 milyon dola pou fini modènizasyon enèji efikas nan plis pase 7,300 rezidans kolektiv ak fanmi inik: NYSERDA ap sipòte modènizasyon efikasite enèji avèk asistans teknik ak prim ankourajman pou pwojè yo pou rann fwaye kolektiv ak fanmi inik nan zòn Vital Brooklyn la yo itilize enèji nan yon fason ki pi efikas. NYSERDA pral fin fè modènizasyon k ap fè plis pase 7,300 kay ak apatman nan Brooklyn Santral yo ekonomize nan depans enèji apati fen ane 2018 la.

1.5 milyon dola pou sipòte plis pase 460 pwojè enèji solè: Depi lansman inisyativ Vital Brooklyn lan, yo te konplete plis pase 460 pwojè enèji solè nan rezidans, lekòl, ak ti biznis nan Brooklyn Santral la yo.

Elaji Operasyon Kalite Ekoloji: Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal lan ap antreprann yon kanpay Operasyon Kalite Ekoloji nan zòn Canarsie an pou edike anviwon 70 biznis piti ak biznis mwayen yo sou pi bon pratik jesyon yo pou konfòmite ak yon seri règleman ak lwa anviwònmanal eta yo pou pwoteje epi amelyore sante piblik.

Swen Sante Kominotè

664 Milyon Dola pou Pwojè Transfòmasyon Etablisman Swen Sante Brooklyn lan

An Janvyè 2018 Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prim 664 milyon dola nan finansman pou One Brooklyn Health pou sipòte efò ki ap kontinye nan Eta a pou kreye yon sistèm swen sante dirab ki ap elaji aksè epi transfòme swen atravè Brooklyn Santral. Yo pral rezève yon total 36 milyon dola pou prim fiti yo sou pwogram lan, ki ap abouti a 700 milyon dola prim total lè pwogram lan konplete.

Konfòmeman ak rekòmandasyon ki nan [“Etid Brooklyn: Restriktire Avni Swen Sante”](#) (The Brooklyn Study: Reshaping the Future of Healthcare) Northwell Health te fè a, Sant Medikal Lopital Inivèsite Brookdale la (Brookdale University Hospital Medical Center), Sant Medikal Interfaith a (Interfaith Medical Center), ak Sant Medikal Jwif Kingsbrook la (Kingsbrook Jewish Medical Center) te fè patenarya ansanm pou yo kreye One Brooklyn Health, ki pral sèvi kòm yon sistèm prestasyon swen sante santral nan zòn Brooklyn Santral la.

Fon yo pral sipòte devlopman yon rezo swen anbilatwa entegre trè vas, modènizasyon konsiderab nan enfrastrikti ki nan chak twa etablisman lopital sa yo, ki gen ladan rann pwogram klinik yo rejyonal epi restriktire sèvis pasyan etènè yo, epi kreye platfòm teknoloji enfòmasyon pou swen onivo tout òganizasyon an nèt pou amelyore kowòdinasyon ak prestasyon swen atravè yon bon jan kalite sistèm prestasyon swen ki efikas onivo rejyonal.

Espesifikman, 664 milyon dola nan finansman yo bay One Brooklyn Health la pral sipòte:

210 milyon dola pou devlope yon rezo swen anbilatwa ki gen 32 sit:

Rezo trè vas sa a pral gen ladan patenarya k ap fèt ak pwofesyonèl swen sante ki deja baze nan kominote yo, pou ogmante aksè a sèvis premye swen ak swen prevantif yo nan zòn Brooklyn Santral ki gen plis bezwen yo. Yo prevwa nouvo etablisman sa yo pral ajoute apeprè 500,000 nouvo vizit swen anbilatwa pa ane, ki pral plis pase double kantite vizit ki genyen aktyèlman la nan zòn lan. Anplis de sa, nouvo rezo swen anbilatwa a pral:

- Gen ladan patenarya ak kat Sant Ki Kalifye pou Resevwa Finansman Federal Brooklyn yo (Brooklyn Federally Qualified Health Centers, FQHC)— ki se Sant Sante Fanmi Bed Stuy la (Bed Stuy Family Health Center), ODA Crown Heights, Brightpoint Health, ak Sant Miltisèvis

- Brownsville la (Brownsville Multi-Service Center) - pou agrandi kapasite premye swen nan òganizasyon ki baze nan kominote a yo;
- Konstwi pon pwogramatik ak inivèsite SUNY Downstate la epi sipòte misyon akademik ak vizyon Lopital Inivèsité a;
- Entegre avèk nouvo devlopman lojman abòdab yo pral konstwi ozalantou twa lopital ki nan rezo One Brooklyn Health la yo pou yo gen ladan yo enstalasyon byenèt sou plas tankou swen ijan, premye swen, ak pratik espesyalite yo; ak
- Kreye 255 nouvo djòb epi ede rekrute 300 doktè premye swen vin nan zòn Brooklyn Santral la, ki aktyèlman gen kèk nan to doktè premye swen pa kapita ki pi ba nan Eta a.

384 milyon dola pou amelyorasyon enpòtan fèt nan enfrastrikti klinik ak etablisman an yo:

- Brookdale pral sibi amelyorasyon konsiderab nan etablisman l yo pou kenbe wòl li gen nan kominote a kòm yon sant twoma, ki gen ladan devlopman yon nouvo depatman ijans, agrandisman sant sante kominotè li a pou l ka akomode yon nouvo Inite Swen Itansif (Intensive Care Unit, ICU) k ap gen 30 kabann, ak devlopman inite swen pasyan adisyonèl yo - yo prevwa k ap ogmante kapasite Brookdale la de 100 kabann.
- Lopital Interfaith a pral renove epi agrandi depatman ijans li an, ansanm ak devlope yon Inite Pwogram Ijans Sikaytrik Global (Comprehensive Psychiatric Emergency Program, CPEP) k ap sipòte entegrasyon sèvis premye swen ak sèvis swen sante konpòtmantal yo.
- Lopital Jwif Kingsbrook la (Kingsbrook Jewish) pral vin tounen yon Vilaj Medikal avèk nouvo premye swen anbilatwa ak espesyalite agrandi, sèvis ijans, ak sèvis swivi pou swen egi yo. Atravè transfòmasyon sa a, Kingsbrook pral konvèti deseri pòsyon nan kanpis li a pou reponn a detèminan sosyal sante yo, ki gen ladan yon nouvo espas pou lojman abòdab ak espas kominotè y ap bay.
- Yo pral rezève 142 milyon dola nan 384 milyon dola sa a pou ofri One Brooklyn Health fleksibilite nan priyòrizasyon lòt pwojè amelyorasyon k ap fèt nan enfrastrikti klinik ak etablisman yo te soumèt nan aplikasyon yo a.

70 Milyon Dola pou Kreye yon Platfòm Teknoloji Enfòmatrik pou Sante nan Tout Sistèm lan:

Investisman pou devlope sistèm teknoloji enfòmatrik pou swen onivo tout kominote a nèt la enpòtan anpil pou sipòte finansman pou One Brooklyn Health la, sistèm sa pral pèmèt devlopman yon sèl sistèm dosye sante elektwonik entegre atravè twa platfòm teknoloji ak rezo pwofesyonèl swen sante lopital yo, k ap mete sistèm swen sante a nan yon pozisyon pou l evolye nan nouvo mond refòm peman ak sante popilasyon an. An patikilye, nouvo platfòm teknoloji enfòmatrik pou swen an pral:

- Sipòte pwosesis desizyon klinik yo nan yon fason efikas, amelyore kalite ak rezilta swen pou pasyan yo;
- Devlope kapasite pou jesyon efikas swen yo epi kreye efikasite nan operasyon yo; epi

- Pèmèt gen mezi inifòm pou detèminan medikal ak sosyal yo epi fè rapò sou yon seri de mezi rezilta estanda pou evalye siksè entèvansyon ke sistèm sante a ap atreprann yo nan yon fason efikas epi pou patnè ki onivo kominote a yo abòde detèminan sosyal swen sante yo ak enpak yo genyen sou estati sante kominote a.

Yo akòde fon kapital sa yo an plis de 320 milyon dola nan sipò operasyonèl anyèl ki ap kontinye ke Eta a ap bay nan kat Lopital Brooklyn Lès ak Santral yo, ki gen ladan Sant Medikal Lopital Inivèsite Brookdale la, Sant Medikal Jwif Kingsbrook la, Sant Medikal Interfaith, ak Sant Medikal Wyckoff Heights la.

Inisyativ 1.4 milya dola Vital Brooklyn lan deplwaye resous eta yo nan yon manyè estratejik, kowòdone pou kreye yon kominote ki pi an sante ak pi vibran. Pwojè ki ap vanse epi ki an devlopman yo fasone pa yon nivo angajman kominotè ki san presedan. Apati itilizasyon yon pwosesis evalyasyon ki te kreye pa DuBois Bunche Center for Public Policy nan Medgar Evers College, ki dirije pa Doktè John Flateau, Depatman Sante Eta New York lan (New York State Department of Health) pral mezire enpak investisman sa yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon vizite [sit entènèt Vital Brooklyn lan](#).

Senatè Velmanette Montgomery te deklare, “Finansman ki ap rive nan Brooklyn Santral lan li enpòtan anpil paske li ap non sèlman òganize sistèm livrezon swen sante nou an men tou kòmanse abòde pwoblèm ki la depi lontan yo ki ap afekte sante moun ki te eli mwen yo tankou aksè a lojman ki a pri abòdab, espas kominotè ki sekirize ak manje ki fre. Genyen plis bagay nan byennèt ke jis vizit doktè yo, epi mwen rekonesan pou mwen wè yo rekonèt sa nan Inisyativ Vital Brooklyn lan”.

Senatè Kevin S. Parker te deklare, “Defi ki nan Brooklyn Santral yo konsiderab epi yo gen divès fasèt, men Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon plan entelijan pou ka abòde defi sa yo epi bay yon egzanp pou tout plan an. Mwen aplodi Gouvènè a poutèt li ap travay de prè ak kominote a epi ajoute sou enfòmasyon lidè ak pati ki konsène sou plan lokal yo pou asire ke inisyativ Vital Brooklyn lan ap ede pi plis kantite abitan Brooklyn. Soti depi nan lojman ki a pri abòdab pou rive nan swen sante, sa yo se investisman ke Brooklyn Santral bezwen pou kapab sipase plizyè dekad neglijan. Etap fondamantal sa li egzanplè de jan nou atann nou ke gouvènman yo ap fè travay yo - rapidman. Pa twò lontan de sa, Gouvènè an te anonse inisyativ Vital Brooklyn lan ak pwomès pou retounen pote enèji nan kominote nou yo ak sèvis sante ki amelyore yo, lojman ki a pri abòdab ki ogmante, ak yon kalite lavi global ki ranfòse pou moun Brooklyn ki gen tout laj yo. Mwen ankouraje pa rapidite efò administrasyon an pou akonpli pwomès yo pou bay yon nouvo Brooklyn ki pi an sante, pi djanm pou tout moun”.

Senatè Martin Malavé Dilan te deklare, “Sa se egzakteman modèl pwogrè ke vwazinaj Brooklyn nou yo bezwen. Gouvènè an ap fè byen sou pwomès pou pote opòtinite pou abitan nou yo, ak piblikasyon RFP an, nou kapab kòmanse fè kominote nou an pwogrese ak asistans ki soti nan apwòch olistik New York lan nan devlopman ekonomik. Mwen espere wè sèvis sante ak edikasyon ki amelyore yo, opòtinite divètisman ki ogmante yo pou abitan tout laj yo, ak yon kalite lavi global ki ranfòse pou moun Brooklyn yo”.

Senatè Jesse Hamilton te deklare, “Vital Brooklyn reprezante yon investisman 1.4 milya dola ki esansyèl nan kominote nou an ki ap sipase defi yo. Lojman ki a pri abòdab, efò kont vyolans yo, bon jan travay yo, kominote ki an sante yo, ak bon jan kalite edikasyon yo tout pare pou benefisye pandan fanmi, zanmi ak vwazen Brooklyn Santral nou yo ap resevwa sèvis ke yo bezwen yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li ap dirije inisyativ sa epi poutèt li fè patenarya ak kominote nou yo pou wè wout sa mennen inisyativ sa nan reyisit. Envestisman sa yo pral pèmèt nou reyalize pwomès pou yon Brooklyn ki pi abòdab, yon Brooklyn ki pi an sekirite, ak yon Brooklyn ki pi pwospè pou tout moun”.

Senatè Roxanne J. Persaud te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li mete sou pye yon investisman konsiderab konsa nan sante ak byennèt popilasyon Brooklyn lan. Soti depi nan transfòmasyon lopital yo, pou rive nan lojman ki a pri abòdab, pou rive nan ouvri nouvo pak eta... ‘Vital Brooklyn’ pral amelyore lavi moun New York yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo. Brooklyn te wè fèmti lopital yo, ak ewozyon lojman ki a pri abòdab ak espas ekolojik pou fanmi nou yo. Pwojè sa se yon gwo premye pa annanvan pou rive nan Brooklyn nou vle wè a, epi mwen apresye vizyon Gouvènè a”.

Manm Asanble N. Nick Perry te deklare, “Inisyativ Vital Brooklyn lan se yon pwogram revolisyonè ki ap bay rezilta pou abitan Brooklyn yo. Apwòch olistik lan pou ranfòse kominote a ap kreye wout pou amelyore kalite lavi pou abitan nou yo epi konstwi yon pi bon avni pou jenerasyon ki gen pou vini yo. Sa se yon bourad reyèl pou kalite lavi pou popilasyon Brooklyn lan epi mwen aplodi Gouvènè a poutèt angajman li pran anvwè Brooklyn ak lidèchip li sou pwoblèm sa”.

Manm Asanble Walter T. Mosley te deklare, “Inisyativ Vital Brooklyn lan se repons olistik ke kominote Brooklyn Santral nou yo te bezwen depi lontan pou kapab pwospere. Gouvènè an ap fè byen sou pwomès pou pote opòtinite pou vwazinaj nou yo, epi lè li anonse lansman RFP an, nou kapab kòmanse fè kominote nou yo pwogrese ak asistans ki soti nan apwòch enklizif total New York lan nan devlopman ekonomik. Soti depi nan Bedford Y, pou rive nan Fèm Akwaponik PS 11 lan, pou rive nan jaden ekolojik yo ki toupatou nan distrik lan, mwen espere favorize inisyativ ekolojik epi ki bon pou sante nan lavi a pandan ke n’ap chèche fè Brooklyn Santral vin yon konpozan vital nan sante, byennèt ak pwosperite awondisman nou an, vil ak eta nou an antye. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li pouse devan inisyativ sa ki ap abòde defi konsiderab epi ki gen divès fasèt yo nan Brooklyn Santral. Mwen aplodi Gouvènè a poutèt li ap travay de prè ak kominote a epi ajoute sou enfòmasyon lidè ak pati ki konsène sou plan lokal yo pou asire ke inisyativ Vital Brooklyn lan ap ede pi plis abitan Brooklyn jan sa posib, patikilyèman nan kominote ki pi an danje yo. Soti depi nan lojman ki a pri abòdab yo pou rive nan swen sante, sa yo se investisman ke Brooklyn Santral bezwen pou kapab sipase plizyè dekad neglijan”.

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, “Soti nan rekonstriksyon sistèm swen sante a nan Brooklyn Santral rive nan ogmantasyon aksè a bon jan kalite swen, inisyativ Vital Brooklyn lan reprezante yon apwòch global pou amelyore lavi rezidan nou yo. Modèl nasyonal sa a, Gouvènè Cuomo te lanse a, abòde bezwen ak defi nan zòn lan epi pote chanjman pou yon kominote yo te neglije pandan twò lontan. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li epi mwen atann pou nou kontinye travay ansanm pou sipòte trajektwa kwasan Brooklyn Santral la”.

Manm Asanble Erik M. Dilan te deklare, “Sa se egzakteman modèl pwogrè ke vwazinaj Brooklyn nou yo bezwen. Gouvènè an ap fè byen sou pwomès pou pote opòtinite pou abitan nou yo, epi lè nou anonse lansman RFP an, nou kapab kòmanse fè kominote nou an pwogrese ak asistans ki soti nan apwòch olistik New York lan nan devlopman ekonomik. Mwen espere wè sèvis sante ak edikasyon ki amelyore yo, opòtinite divètisman ki ogmante yo pou abitan tout laj yo, ak yon kalite lavi global ki ranfòse pou moun Brooklyn yo”.

Manm Asanble Diana C. Richardson te deklare, “Nan non abitan ki nan 43èm Distrik Asanble a, nou ap remèsye Gouvènè Andrew Cuomo poutèt li konprann enpòtans pou mete plis resous ki nesèsè nan Brooklyn Santral. Antan ke yon kominote, nou ap wè potansyèl ke Inisyativ Vital Brooklyn lan genyen epi nou te travay ak dilijans nan efò yo pou asire pi gwo nivo transparans. Nou grasyezman ap akeyi solisyon pou abòde kriz lojman ki a pri abòdab nou an, move aboutisman sante yo, vyolans ak zam, aksè inadekwat nan espas lib ak divètisman yo, an plis de devlopman ekonomik. Pandan ke n’ap pwogrese nan pwosesis sa, nou ap rete tann opòtinite sa, pou amelyore lavi yo epi konstwi yon pi bon avni pou tout moun”.

Latrice Walker, ki se Manm Asanble a, te deklare, “Inisyativ Vital Brooklyn lan se yon rapèl de tout sa ke nou ka akonpli lè ofisyèl ki eli yo travay ansanm pou benefis moun New York yo. Etap fondamantal majè sa yo demontre angajman Gouvènè Cuomo nan sante ak byennèt global popilasyon Brooklyn Santral lan. Kominote nou an merite opsyon bon jan kalite swen sante, bon jan kalite lojman ki a pri abòdab yo, ak yon amelyorasyon global nan kalite lavi a. Inisyativ Vital Brooklyn lan ap bay kominote nou an opsyon ak amelyorasyon sa yo, epi mwen remèsye Gouvènè an poutèt sipò li”.

Manm Asanble Jaime R. Williams te di, “Se ak pi gwo fyète mwen ke m’ap aplodi Gouvènè Cuomo pou Vital Brooklyn! Inisyativ ki reyisi yo nan mete sou pye pwogram inovatif yo pou benefis non sèlman 59èm Distrik Asanble a men tou Brooklyn Santral an jeneral, yo pral non sèlman amelyore awondisman Brooklyn lan men tou amelyore kalite lavi ak travay ak sikonstans ekonomik toupatou nan Eta New York. An plis, Gouvènè a ansanm ak mwen nou te travay men nan men pou ogmante alokasyon pou edikasyon ak pwogram kont zam yo pou ka pwoteje epi asire byennèt abitan Eta New York ak abitan 59èm Distrik Asanble a. Mwen konfyan ke ansanm ak Gouvènè an ak lòt ofisyèl ki eli yo ke enfrastrikti Vital Brooklyn prezante a pral yon reyisit eksepsyonèl”.

Manm Asanble Tremaine Wright te deklare, “Nou, ki se Manm Brooklyn nan Asanble Eta New York lan, te travay san fatige ak pati ki konsène nan kominote nou yo pou devlope yon plan sou divès branch pou abòde nesèsite lokal yo pou lojman pou granmoun aje ki a pri abòdab yo, swen sante matènèl ak perinatal yo, ak aksè a manje ke yo kiltive sou plan lokal. Nou ap akeyi Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo an pliske yo te dwe fè modèl investisman sa depi lontan. Inisyativ Vital Brooklyn lan gen potansyèl pou li kreye opòtinite ekonomik ak byennèt toupatou nan Brooklyn. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò li bay popilasyon Brooklyn lan, epi mwen espere wè sa ki ap vini pwochèman pou kominote nou an”.

Defansè Piblik Letitia James te deklare, “Nan objektif pou kapab asire sante kominote nou yo, nou dwe adopte pwogram olistik ak global yo. Vital Brooklyn konprann sou yon nivo fondamantal, ke sante reyèl sa mande tou kreyasyon lojman ki a pri

abòdab, espas ekolojik, ak bon jan travay. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman san parèy sa nan Brooklyn ak fanmi nou yo ki ap travay di”.

Manm Konsèy lan Robert E. Cornegy Jr. te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè a poutèt li pran aksyon lè sa nesesè, epi mete sou pye Inisyativ Vital Brooklyn lan. Nan rasanble ansanm lidè ak ekspè kominote lokal yo, New York gen yon fèy de wout ak investisman ki nesesè yo pou konstwi yon Brooklyn ki pi bon soti anba pou monte anlè. Soti depi nan ranfòsman swen sèvis yo, pou rive nan ogmante aksè a lojman ki a pri abòdab yo epi ouvri nouvo pak yo pou divètisman ekstèn yo, Gouvènè Cuomo ap ede amelyore lavi moun Brooklyn yo ki toupatou nan awondisman sa”.

Manm Konsil Alicka Ampry-Samuel te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo jodi a sou lidèchip li epi mete anfas pou di ke tout moun merite gen aksè a solisyon ak sèvis 21èm syèk yo - soti depi nan swen sante pou rive nan edikasyon ak tout sa ki nan mitan yo. 41èm Distrik Konsèy Brooklyn lan te frape fò pa pwoblèm ki ap kontinye yo ki te rete san ke yo pa abòde yo pandan twò lontan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li ap travay ansanm ak kòlèg mwen yo ki nan gouvènman eta a pou garanti investisman ki nesesè pou konstwi yon pi bon avni. Mwen espere wè timoun nou yo, ak pitit pitit nou yo, eksperimante yon awondisman ki pi pwòp, pi bon epi pi briyan”.

Manm Konsil Rafael L. Espinal Jr. te di, “Pandan plizyè dekad gouvènman vil ak eta nou yo te inyore Brooklyn Lès ak Santral, enjeksyon resous imans sa pral asire ke moun Brooklyn yo pral jwenn sèvis ke yo te bezwen epi merite. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li envesti nan vwazinaj Brooklyn yo pou sipòte objektif mityèl nou yo pou bay lojman ki a pri abòdab epi prezève kominote yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)